



# 5 Bagay Ou Bezwèn Konnen sou Entèdiksyon sou Gidaj Rasyal nan New Jersey

- 1 Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (LAD, ki vle di "Law Against Discrimination") defann ajan imobilye yo ak moun ki mete lojman sou mache a fè "gidaj rasyal".** Gidaj rasyal, se lè yo limite chwa moun nan lwe oswa achte kay, paske yo gide yo nan direksyon oubyen lwen lojman ki sou mache a, dapre ras oswa sa yo kwè ki ras yo oubyen peyi kote yo soti.
- 2 Gen gidaj rasyal lè yon ajan imobilye oswa yon moun ki mete lojman sou mache a:** (1) konseye yon kliyan chèche lojman nan yon katye oswa yon zòn patikilye, oubyen pa chèche lojman nan yon katye oswa yon zòn patikilye poutèt ras li oswa peyi kote li soti; oubyen (2) refize montre yon kliyan lojman ki sou mache a poutèt ras li oswa peyi kote li soti. Kidonk, gen gidaj rasyal, pa egzanp, lè yon ajan imobilye montre yon fanmi nwa kay ki sèlman nan katye nwa, oubyen lè yon manadjè imèb apatman refize montre yon kliyan latino apatman ki vid nan yon imèb kote pi gwo majorite lokatè yo se Chinwa-Ameriken paske li kwè lokatè ki la yo oswa kliyan k ap chèche lojman an pral "malalèz".
- 3 Kapab gen gidaj ilegal pi ta tou nan demach pou chèche lojman yo.** Pa egzanp, yon moun ki mete lojman nan plizyè katye sou mache a pa gen dwa aplike kondisyon pi difisil pou salè, kredi, oswa lòt bagay pou apatman ki nan yon katye ki gen pifò blan ladan li, pase kondisyon li aplike pou apatman nan katye ki gen majorite ak minorite ladan, pou li rive anpeche moun ki nan minorite yo lwe apatman nan yon katye ki gen pifò blan ladan.
- 4 Gidaj la ilegal menm si ajan imobilye oswa moun ki mete lojman sou mache a pa kwè rezon li genyen yo rasyal, oubyen si li pa di aklè se ras yon moun, oswa peyi li soti a ki rezon an.** Lalwa defann yon ajan imobilye deside montre yon fanmi blan kay ki nan yon zòn ki gen pifò blan sèlman (oubyen pa di fanmi sa yo lojman yo ka jwenn nan yon zòn ki gen plis divèsite), menm si ajan imobilye a di se paske "gen pi bon lekòl" nan zòn ki gen pifò blan yo. Menm jan an, si yon ajan imobilye deside montre kliyan Amerendyen li sèlman lojman ki genyen nan yon katye ki gen pifò fanmi Amerendyen paske li kwè yo pral "pi alèz", ajan imobilye a komèt yon gidaj ilegal.
- 5 LAD defann tou pou yo fè gidaj dapre okenn nan karakteristik pwoteje yo, tankou reliyon, idantite oswa prezantasyon kòm gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, ak kondisyon familyal.** Kidonk, yon ajan imobilye oswa yon moun ki mete lojman sou mache a pa gen dwa gide fanmi jwif k ap chèche lojman pou anpeche yo gade nan yon zòn patikilye, ni gide yon fanmi ki pa jwif k ap chèche lojman pou anpeche yo gade nan yon katye patikilye.

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou **NJCivilRights.gov** oswa rele **866-405-3050**



NJ Office of the Attorney General **DIVISION ON**

**CIVIL RIGHTS**

**NJCivilRights.gov**

06/10/20